



FÒME DEVLOPE METRIZE

Pwogram Aprantisaj la selon nimewo yo



1,500
Apranti
Anrejistre



370+
Esponnsò
Otorize



20+
Pwofesyon
nan yon pwogram



16
Laj
minimòm



26
Laj mwayen
pou aprantisaj



4
Dire mwayen
yon pwogram

Pwofesyon pou aprann ki pi popilè nan Delaware



Elektrisyen

Salè mwayen alantre: \$38,646
Salè mwayen avèk eksperyans: \$68,370



Plonbye & Pasè tiyo

Salè mwayen alantre: \$41,704
Salè mwayen avèk eksperyans: \$73,486



Chofaj, Vantilasyon & Klimatizasyon

Average Entry Wage: \$39,957
Average Experience Wage: \$58,739



Chapant

Salè mwayen alantre: \$36,275
Salè mwayen avèk eksperyans: \$58,947



Travayè nan Konstriksyon

Salè mwayen alantre: \$28,163
Salè mwayen avèk eksperyans: \$41,954



Teknisyen Otomobil

Salè mwayen alantre: \$28,371.20
Salè mwayen avèk eksperyans: \$52,790

Nòt: Salè mwayen alantre kòm apranti se \$14,70 tandiske salè mwayen alantre kòm travayè kalifye se \$24. Salè a varye selon anplwayè an ak metye a.

Referans: de.gov/DelawareWages2019

Rete konekte

302-761-8328

apprenticeship@delaware.gov

de.gov/apprenticeship

[@DelawareDET](https://www.facebook.com/DelawareDET)

[@DelawareDET](https://twitter.com/DelawareDET)

[@delawaredoldet](https://www.instagram.com/delawaredoldet)



Apwopo

Aprantisaj Anrejistre a se yon angajman ki pran pou prepare yon moun pou yon karyè nan divès metye. Aprantisaj Anrejistre a se yon modèl “**touche pandan w ap aprann**” pou prepare travayè yo pou karyè. **Apranti Anrejistre a** resevwa yon konbinezon enstriksyon teknik ak **fòmasyon nan travay** ki gen rapò ak travay la nan men yon anplwayè ki se yon esponsò otorize ki chwazi esponnsorize ou pou vini yon apranti anrejistre. An jeneral, yon apranti travay pandan jounen epi li ale lekòl lannwit. Ou aprann nan travay la nan men yon moun ki kalife nan metye a (fòmatè).

Fòmatè ou, ki se yon anplwaye kalife ki sèvi tankou fòmatè apranti a (yo), fasilité fòmasyon nan travay. Se pwofesyon ou - chwa ou- lavnou ou. Nan monn sa a ki gen yon kantite chwa pwofesyonèl enfini, nouvo teknoloji ak inovasyon endistriyèl, lè ou se yon apranti se yon fason pou aprann metrize metye ou chwazi a.

Pwogram Aprantisaj Anrejistre Delaware la gen ladann

Metye tradisyonèl yo tankou ekspanseon pwogram aprantisaj nan bagay sa yo: otomobil, gastwonomi, swen pou timoun, teknoloji enfòmatik, swen sante ak plis ankò.

Avantaj

- Touche pandan w ap resevwa fòmasyon
- Ogmante konpetans
- Salè ki pi wo
- Diplòm nasyonal
- Avansman karyè
- Edikasyon gratis*

Kondisyon

- Dwe gen omwen 16 ane pou ka se yon apranti anrejistre.
- **Yon apranti dwe ap travay avèk yon esponnsò otorize nan Biwo pou Aprantisaj ak Fòmasyon Delaware (DOL).**
- Anplwayè ou dwe bay yon akò fòmèl nan Biwo Aprantisaj ak Fòmasyon Delaware (DOL).

Mezi ki dwe pran yo

Mande anplwayè ou pou li esponnsorize ou

- Mande anplwayè ou si li ta enterese esponnsorize ou kòm yon apranti.

Detèmine yon pwofesyon si w pa anplwaye

- Aprantisaj Antrejistre a chita sou pwofesyon.
- Chèche yon pwofesyon yo afiche selon metye oswa konte a sou de.gov/apprenticeship.

Jwenn travay si ou pa anplwaye

- Chèche esponnsò otorize yo ki afiche selon metye oswa konte a sou de.gov/apprenticeship.
- Kontakte anplwayè yo epi mande si y ap anboche apranti anrejistre.
- Kreye yon kont sou jobskeer pou ka fè yon CV epi chèche travay sou: de.gov/joblink.

Jwenn travay

- Anplwayè ou esponnsorize ou.
- Siyen yon Fòmilè Akò pou Aprantisaj Anrejistre.
- Anplwayè ou bay fòmilè a nan Biwo Aprantisaj ak Fòmasyon DOL DE a.

Pran kou

Anplwayè ou ap oryante ou ki kote pou ale pou klas yo, si se nan yon lekòl pwofesyonèl oswa nan yon lòt espas entèn. **Aprann yon metye nan lekòl segondè**? Ou kapab kalife pou yon plasman avanse nan pwogram Aprantisaj Anrejistre a. Si ou gradye nan youn nan sis lekòl teknik ak pwofesyonèl yo nan Delaware, ou kalife pou aplike pou yon egzanpsyoun pou premye ane etid la nan volè edikasyon an ki nan pwogram nan. Kontakte lekòl pwofesyonèl ou a sou fòmasyon k ap fèt nan nempòt lokal pou Fòmasyon Granmoun nan Konte New Castle, Konte Kent oswa Konte Sussex.

- **New Castle County Vo-Tech:** (302) 683-3652
- **Polytech:** (302) 697-4545
- **Sussex Tech:** (302) 856-9035

Rete enfòme

Anrejistre pou resevwa bilten enfòmasyon trimestriyèl pou nouvèl ak mizajou, rekritman, evènman ak lòt ankò sou de.gov/deapprenticeshipnewsletter.

Kesyon yo Poze Souvan

Èske pa gen okenn depans pou vini yon apranti?

Anpil apranti pa depanse paske eta a oswa anplwayè ou te peye. Kèk apranti gen dwa peye yon frè enskripsyon pou lekòl ak zouti. Si pwogram ou enskri a se nan yon lekòl pwofesyonèl oswa teknik pou granmoun, lè sa a, ou dwe bay Fòmilè Akò pou Aprantisaj ou a pou anile frè eskolè a. Apranti a oswa esponnsò a bay Fòmilè Akò pou Aprantisaj la nan lokal lekòl pwofesyonèl oswa teknik pou granmoun nan moman enskripsyon nan kou yo anile frè yo. Apranti a oswa esponnsò a peye frè enskripsyon an - pri yo varey chak kote yo.

Ki wòl Depatman Travay (DOL)?

Anplwaye ki nan Biwo Aprantisaj nan Divizyon Travay ak Fòmasyon (DET) nan DOL anrejistre ak kontwole pwogram nan pou asire sekirite, konfòmite ak bon jan kalite. Anplwaye yo fè ankèt ak evalye plent yo.

Kiyès ki Esponnsò Otorize yo?

Se anplwaye ki anboche apranti ak bay fòmasyon nan travay.

Kilè mwen fini aprantisaj mwen an?

Pifò nan yo se pwogram 4 ane, men yo ka varey ant 1 - 5 ane tou depann de metye a. Pandan ou anrejistre, w ap gen pou satisfè egzijans kantite lè pou fòmasyon nan travay ak pwogram lekòl la pou ka resevwa diplòm nan men eta Delaware.

Konbyen tan mwen dwe fè ap aprann?

Kantite tan yo rekòmande pou aprantisaj la se omwen 144 èdtan (egzanp: ou kapab ale (2) de nwit pa semèn pou 4 èdtan) pandan ane akademik la.

Kijan mwen kapab konnen si mwen se yon Apranti Anrejistre?

Ou kapap kontakte biwo pwogram nan pou verifye si ou se yon apranti anrejistre. Apranti anrejistre yo siyen yon Fòmilè Akò avèk anplwayè yo ak Biwo Aprantisaj la. Nan nivo sa a, anplwaye a tounen yon Apranti Anrejistre.